

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas komunikasi manusa dina hirup kumbuhna sapopoé. Manusa di mana waé ayana moal leupas tina prosés komunikasi. Ayana prosés komunikasi téh lantaran manusa butuh pikeun ngedalkeun eusining uteuk katut haté. Ku kituna, manusa salaku mahluk sosial teu leupas tina patalimarga antara anggota kelompokna. Dina éta perkara pisan, manusa merlukeun pakakas komunikasi. Basa ogé miboga kalungguhan penting pikeun kalumangsungan hirup sapopoé. Sabab basa miboga fungsi penting pikeun nepikeun maksud jeung tujuan kalawan ngedalkeun pipikiran, gagasan, jeung rarasaan, boh wangun lisan boh tulisan.

Unggal basa nu dipaké ku panyatur, pangarang, atawa nu nulis, pasti baris kapangaruhan ku rupa-rupa faktor, di antarana waé, saha nu nyarita jeung diajak nyarita, katut iraha jeung di mana lumangsungna éta prosés komunikasi. Ieu hal luyu jeung pamadegan élmu pragmatik anu nétélakeun bagbagan makéna basa keur kaperluan tinangtu dina hiji komunikasi, kumaha patalina kalimah nu luyu jeung pangabutuh nu makéna. Atawa kumaha cara milih kalimah anu keuna tur luyu jeung pangabutuh anu makéna (Levinson, dina Sudaryat, 2003: 9-10).

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Disawang tina pamakéanana, basa bisa dipaké dina wangun fiksi (karya sastra) jeung non fiksi. Basa dina wangun fiksi teu saukur ngaitkeun tanda jeung naon nu dimaksudna wungkul, tapi ogé mangrupa wujud tina éksprési pangarang anu dina enas-enasna mangrupa kahayang, idé, gagasan, atawa amanat anu ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Pakaitna basa jeung sastra téh bisa katitén ku ayana wujud karya sastra. Sarta tulisan nu diwangun ku gumulungna morfém, kecap, frasa, klausa jeung wacana anu mangrupa wujud tina wangun basa.

Kalimah mangrupa hiji tina opat satuan sintaksis, tilu séjénna nyaéta kecap, frasa, jeung klausa. Kalimah nyaéta hiji wanda katatabasaan anu maksimal anu teu mangrupa bagéan tina wanda katatabasaan séjén anu leuwih jembar katut miboga ciri randegan final nu nuduhkeun wangun, (Parera, 1983:14) atawa satuan gramatik anu diwatesan ku ayana jeda anu panjang anu dibarengan nada ahir turun jeung naék.

Wanda kapragmatisan kalimah disawang tina jihat pragmatik, kalimah téh pakait jeung rétorika tékstual katut interpersonal. Tina rétorika tékstual, pragmatik mikabutuh prinsip kerjasama, ari salaku rétorika interpersonal, pragmatik mikabutuh prinsip kasopanan (politeness principle).

Salah sahiji widang ulikan basa nu ditalungtik nyaéta ngeunaan pragmatik. Pragmatik maluruh patalina tindak basa jeung kontéks tempat, waktu, kaayaan pamakéna katut patalina ma'na jeung anéka situasi ungkara. Sakumaha diécéskeun ku Abdul Chaer (2010:23) :

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatik Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Pragmatik adalah ilmu yang mengkaji bagaimana satuan-satuan bahasa itu digunakan dalam pertuturan dalam rangka melaksanakan komunikasi. Acapkali kita dapati satuan-satuan bahasa yang disajikan dalam gramatika tidak sama 'maknanya' dengan kalau satuan bahasa itu digunakan dalam pertuturan.

Tétéla, pragmatik mah maluruh jeung ngulik ngeunaan maksud omongan, lain ma'na omongan, ku kituna pragmatik téh élmu ngeunaan hubungan antara lambang jeung panafsiran (Poerwo 1990:15). Anu dimaksud lambang téh satuan omongan, boh sakalimah boh leuwih anu ngandung harti saperti anu dimaksud ku panyatur katut lawan nyarita. Ulikan pragmatik ngawengku unsur-unsur eusi komunikasi omongan anu lega ambahanana. Éta unsur-unsur téh nyaéta déiksis, implikatur, présuposisi, tindak tutur jeung struktur konversasi.

Panalungtikan ngeunaan kalimah pragmatis saacanna di antarana waé:

- a) “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* Karangan Duduh Durahman” ku (Irma Dewi Kharisma, 2008).
- b) “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* Karangan Ahmad Bakri” ku (Aryani Purbasari, 2008).
- c) “Adegan Pragmatis Kalimah Singgetan dina Novel *Kolébat Kuwung-Kuwungan Kinasih Katumbirian* Karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran di SMP” ku (Andika Wibowo, 2010)
- d) “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Karangan Paguneman Persuasif Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011” ku (Dian Cesar Maharani, 2011).

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

- e) “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda Karangan Siswa Kelas XII IPA SMA Negeri 1 Sindangkasih Kab. Ciamis Taun Ajaran 2010/2011” ku (Endhang Mardhayanty, 2011).

Éta panalungtikan di luhur, miboga saruaan nyaéta medar ngeunaan wangun, harti, jeung adegan kalimah pragmatis. Bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta panalungtikan di luhur teu medar ngeunaan wanda kalimah jeung wujud pragmatis kalimah anu nyoko kana opat rupa kalimah sacara pragmatis atawa dumasar tindak tutur ilokusi anu nyampak dina naskah drama. Dina unsur pragmatik, dina tindak tutur, wangun omongan téh nyaéta kalimah (Leech, 1983:214).

Salah sahijina nyaéta dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna, anu mibanda unsur-unsur kalimah, anu éta kalimah téh bisa dianalisis dumasar kana tiori-tiori katatabasaan. Di antarana ngeunaan analisis kalimah sacara pragmatis dina naskah drama. Lian ti éta, nyoko kana kurikulum SMP kelas IX, aya matéri nu standar kompeténsina nyaéta *9.3 mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, bahasan, puisi, dan naskah drama (9.3.4 membaca wacana dialog (paguneman)/naskah drama)*.

Dina maca naskah drama, aya salah sahiji indikatorna nyaéta mampu ngébréhkeun éksprési, mampu maham maksud nu diomongkeun (kalimah), jrrd. Ieu hal ngabuktikeun yén naskah drama aya dina pangajaran.

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Dumasar kasang tukang di luhur, dicindekkeun yén can aya panalungtikan séjén ngeunaan kalimah sacara pragmatis dina naskah drama Basa Sunda pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Ku kituna ieu panalungtikan museur kana Analisis Kalimah Pragmatis dina Naskah Drama *Budah Si Narko* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur jeung teu lega teuing ambahanana, nyaéta medar ngeunaan wanda kalimah sacara pragmatis dina wacana paguneman/drama, analisisna nyoko kana opat rupa kalimah atawa omongan pragmatis kayaning: kalimah komisif, impositif, ékspresif, jeung asertif dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna.

Luyu jeung SKKD, ayana aspék pangajaran maca. Ku kituna ieu panalungtikan téh baris dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP saluyu jeung SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda pikeun SMP/MTs, nyaéta aspék maca wacana dialog (paguneman)/naskah drama.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh boga sawatara masalah anu kudu dirumuskeun. Masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Sinarko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

- a. Kalimah pragmatis naon baé nu aya dina naskah drama *Budah Si Narko*?
- b. Kumaha wanda kalimah pragmatis dina naskah drama *Budah Si Narko*?
- c. Kumaha lamun kalimah pragmatis dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh wanda kalimah sacara pragmatis dina naskah “*Budah Si Narko*” karya Dadan Sutisna dipatalikeun kana bahan pangajaran maca pikeun SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nyaéta ngadéskripsikeun kalimah pragmatis dina naskah drama *Budah Si Narko*. Déksripsina ngawengku:

- a. jumlah kalimah pragmatis;
- b. wanda kalimah pragmatis dina naskah drama *Budah Si Narko*; katut
- c. bahan pangajaran kalimah pragmatis dina maca naskah drama di SMP.

1.4 Mangpaat panalungtikan

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Sinarko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Ieu panalungtikan mibanda mangpaat:

- a. méré pangaweruh ngeunaan kalimah sacara pragmatis dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna.
- b. nambahan pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna kalimah sacara pragmatis nu bisa dipaké dina pangajaran basa Sunda.
- c. bisa dipaké pikeun ngeuyeuban kaédah-kaédah tata basa nu geus aya.
- d. bisa dipaké pikeun tinimbangan paraguru dina nyusun sumber bahan pangajaran.

1.5 Raraga Nulis

BAB I ngajéntrékeun masalah jeung tujuan panalungtikan anu pakait jeung kalimah pragmatis dina naskah drama anu dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMP.

Bab II ngajéntrékeun tiori-tiori atawa ulikan pustaka anu dipaké dina ieu panalungtikan. Medar ngeunaan pragmatik ti mimiti wangenan pragmatik, wangenan kalimah, tindak tutur anu patalina jeung kalimah dina pragmatik, wangenan drama katut bahan pangajaran maca pikeun SMP.

Bab III ngajéntrékeun métode panalungtikan dina ieu panalungtikan. Métode panalungtikan anu baris dipaké nyaéta métode déskriptip analitis.

Bab IV ngajéntrékeun hasil panalungtikan. Medar rupa-rupa kalimah sacara pragmatis, jeung jumlah kalimahna anu aya dina naskah drama *Budah Si Narko*. Éta hasil panalungtikan baris dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMP.

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Si Narko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Bab V ngajéntrékeun kacindekan tina hasil panalungtikan katut saran pikeun nu maca pikeun ieu panalungtikan.



Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu